


# «QOBLAN» DÁSTANI TILINIŃ SÓZLIK QURAMI

**Atajanova Gúljamal**
Ájiniyaz atındaǵı NMPIdiń ana tili hám ádebiyatı(qaraqalpaq) qánigeligi 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.20020409

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 26-aprel 2026 yil
Ma’qullandi: 28-aprel 2026 yil
Nashr qilindi: 30-aprel 2026 yil

**KEYWORDS**
*qaraqalpaq tiliniń leksikası, sózlik quramı, dástandaǵı adam músheleriniń atamaları, tuwısqanlıq qarım-qatnas atamaları, haywanat atamaları, siyasıy-jámiyetlik atamalar.*

**ABSTRACT**
*Maqalada dástan tiliniń sózlik quramı haqqında aytıladı. Ondaǵı ayırım sózlerge túsinik berilgen. Izertlew nátiyjesinde dástan tiliniń xalıqtıń tariyxıy esteligi ekenligi, sonday-aq milliy mádeniyatın sáwlelendiriwshi áhmiyetli qatlamı ekenligi tiykarlanǵan.*

Qaraqalpaq tiliniń leksika-grammatikalıq sistemasınıń tariyxıy jaqtan qáliplesiwi hám rawajlanıw basqıshların anıqlawda folklorǵa tiyisli eski til qatlamların lingvistikalıq jaqtan izertlew ayrıqsha áhmiyetke iye. Xalıq awızeki dóretpesiniń iri janrları bolıp esaplanǵan dástanlar til sistemasınıń leksikalıq, morfologiyalıq hám sintaksislik ózgesheliklerin tolıq qamtıǵan til materialı retinde qaraqalpaq tiliniń tariyxıy grammatikasın hám leksikologiyasın izertlew ushın negizgi dereklerdiń biri bolıp tabıladı. Dástan tekstlerinde eski grammatikalıq formalar hám búgingi ádebiy tilde siyrek qollanılatuǵın leksika-grammatikalıq birlikler saqlanıp qalǵan bolıp, olar til tariyxın qayta tiklewde ilimiy jaqtan úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Dástanlar tilin lingvistikalıq jaqtan izertlew, birinshiden, til sistemasınıń tariyxıy rawajlanıwın ishki nızamlıqların anıqlawǵa, ekinshiden, leksika-grammatikalıq birliklerdiń funkcionallıq xızmetin belgilewge múmkinshilik beredi. Usı máselelerdiń barlıǵı qaraqalpaq til biliminiń aktual máseleleri qatarına kirip, dástannıń tek ǵana ádebiy-estetikalıq emes, bálkim tolıq lingvistik sistema retinde qaraw zárúrli ekenligin kórsetedi. Biziń dissertaciyamızda “Qoblan” dástanınıń izertlewdiń tiykarǵı negizi dástan tekstindegi leksikalıq birliklerdiń quramın, grammatikalıq formalar sistemasınıń ózgesheliklerin hám leksika-grammatikalıq birliklerdiń gáp ishinde atqaratuǵın funkcionallıq xızmetin tallawǵa qaratılǵan.

Leksikologiyanıń predmeti-sóz baylıǵınıń strukturalıq hám sistemalıq qásiyetlerin, rawajlanıw nızamlılıqların, tildiń basqa tarawları (fonetikası, grammatikası) menen baylanısın úyreniw bolıp esaplanadı.

Sózlik quramdı úyreniwde biz, álbette, leksikalıq elementlerdi túrli jobada sóz etemiz. Anaw ya mınaw sózge onıń mánisine, sózlik sistemadaǵı ornına, tariyxıy shıǵısı jaǵınan qaysı

INNOVATIVE ACADEMY

qatlamǵa tiyisli ekenligine, qollanıw órisine, qollanıw dárejesine, uslublıq ózgesheligine qaray baha beremiz.[1]

Qaraqalpaq tiliniń sózlik quramı bir neshe tariyxıy dáwirlerdi basınan ótkerdi hám sol dáwirler dawamında birqansha ózgerislerge ushıradı. Onda qaraqalpaq xalqınıń tariyxı, ótken hám házirgi dáwiri kóriwge boladı. Tildiń sózlik quramı xalıqtıń ekonomikalıq, mádeniy hám siyasıy turmısınıń ózgeriwi hám rawajlanıwı menen tıǵız baylanısta boladı. Usıǵan baylanıslı tildiń ishki rawajlanıw nızamları arqalı ishki hám sırtqı derekler tiykarında jańa túsiniklerdi ańlatatuǵın sózlik quramǵa kirip, al turmısta qollanılıwdan shıqqan túsiniklerdi bildiretuǵın sózler gónerip, ayırımları sózlik quramnan shıǵıp qalıwı da múmkin. «Qoblan» dástanında da joqarıda aytıp ótilgen qaraqalpaq tiliniń sózlik qatlamınıń rawajlanıwına hám onıń keńeyip barıwına úles qosa alıwshı tariyxıy leksikası bar desek qátelespeymiz. Dástannıń sózlik quramında túrkiy tilleriniń rawajlanıwınıń birinshi basqıshı esaplanǵan - altay qatlamına tiyisli sózler kóplep ushırasadı. Túrkiy tiller toparına kiretuǵın tillerdiń leksikasınıń eń áyyemgi qatlamın kóp sanlı túrkiy, mongol, tungus-manchjur qáwimleri hám urıwlarına ortaq sózler quraydı. Bul tillerge ortaq elementlerdiń, ásirese túrkiy hám mongol tilleri ushın ortaq bolǵan feyil tiykarları bul tillerdiń genetikalıq jaqınlıǵın hám olardıń leksikasınıń qáliplesiw procesiniń birdey ekenligin kórsetedi. Biz úyrenip atırǵan «Qoblan» dástanında qollanılǵan sózler altay tilleriniń tuwısqan tilleri ekenligin jáne bir márte tastıyıqlaydı. Sol sebepli, qaraqalpaq tilinde ushırasatuǵın mongol, buryat, qalmaq tilleriniń elementler ózlestirgen sózler sıpatında qaramay olardı óz sózlik qatlamnıń quramında qaraw durıs dep esaplanıladı. Sonday-aq, «Qoblan» dástanındaǵı ulıwma túrkiy tillerine ortaq sózlerdi anıqlawda onın sózlik quramın eski túrk dáwiriniń jazba esteligi esaplanǵan Qultegin estelginde hám orta túrk dáwiriniń tiykarǵı jazba esteligi bolǵan Maxmud Qashqariydiń «Devonu-luǵat-it-túrk» shıǵarmasında ushırasatuǵın sózler menen salıstırmalı baǵdarda qaradıq. «Qoblan» dástanınıń tilinde túrkiy, mongol hám tungus-manchjur tillerine ortaq sózler kóplep ushırasadı. G.Vinkler, V.Shott, I.Ramstedt, M.Ryasyanen, E.Polivanov, N.Baskakov, Sh.Kiyekbaev, A.Shayxulov, O.Sunik, V.Cincius sıyaqlı ilimpazlar bul tillerdiń fonetikası, leksikası hám grammatikasınadaǵı ortaq belgilerdi salıstıra otırıp bul tillerdi genetikalıq tárepinen tuwısqan tiller degen juwmaqqa kelgen bolsa, D.Dechi, Dj.Klowsen, A.Sherbak, S.Yaxontevler bolsa bul tillerdiń tuwısqanlıǵın biykar etip, sózlik quramdaǵı ortaq elementlerdi uzaq dawam etken tariyxıy baylanıslardıń nátiyjesinde ózlestirigen sózler degen juwmaqqa keledi. Jáne bir topardaǵı - L.Ligetti, G.Sanjeev, V.Kotvich sıyaqlı ilimpazlar bul tillerdiń tek ǵana tipologiyalıq jaqtan uqsaslıǵın aytıp ótken.[2] Qaraqalpaq xalqıńıń qaharmanlıq dástanı bolǵan «Qoblan» dástanın izertley otırıp onıń óz sózlik qatlamın tómendegidey tematikalıq toparlarǵa bólip úyrenip shıqtıq.

**Adam músheleriniń atamaları:**

Jegen tamaq awzıma maza bermeydi,
Esitken soń jarılmasın **júregiń.**(402)

Joqarıdaǵı dástannan keltirilgen mısaldaǵı júrek sózi qaraqalpaq tilinde, mongol-zyurxe(n), qalmaq-zerke(n), manchjur-yúrege, yapon-kokoro (serdce). Bul jerde j-y sáykesligi bildirilgen. Yapon tilindegi júrek mánisin bildiretuǵın kokoro sózi qaraqalpaq tilindegi kókirek

[1] Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили (Лексикология) Нөкис. 1994
[2] Abdinazimov.Sh. Lingvofolkloristika, Nókis, «Bilim», 2018.

sózi menen semantikalıq jaqtan da, fonetikalıq qurılısı jaǵınan da jaqın, sebebi adam organizmindegi júrek penen kókirek bir-birine jaqın

Qamasıp turıptı **azıw** tislerim,

Qayttı ma dep oylap júrmen kúshlerim,(404)

Joqarıdaǵı mısalda berilgen azıw sózi mongol-araa, buryat-araa (korenniy zub).

Hámme jaw-jaraqtı **belge** baylayıq,

Kórmegen jerlerin kórip jaylayıq,(407)

Qaraqalpaqshadaǵı bel sózi menen qalmaq tilindegi bel (poyasnica) bir formada hám bir mánide qollanıladı.

Tanısayıq, barıp joldı bileyik,

Birlik penen **ayaq** basıp júreyik,(407)

Dástanda keltirilgen ayaq sózi mongol-adaq, adg (noga), qalmaq-adg (konec, uste reki)

Ayaqları qaltırap,

**Mańlayları** jaltırap,(408)

Qaraqalpaqsha-mańlay, mongol-magnay, qalmaq-magna (lob, chelo), bul sózde sózlerdiń quramındaǵı seslerdiń almasıwı yaǵnıy, metateza qubılısı ushıraydı.

**Qolıńdaǵı** jaytastı,

Tarıqqan jerde siltey,(420)

Qaraqalpaq-qol, mongol-gar, buryat-gaar, tungus-manchjur-gala (ruka), bul jerde mongol tilindegi «qol» mánisin bildiretuǵın «gar» sózi menen qaraqalpaq tilindegi «qarı» (140-150 sm uzınlıqtı bildiretuǵın ólshem birligi) hám «qarıs» sózleriniń etimologiyalıq jaǵınan baylanıslı ekenligi kórinedi. Bul sózden qarısla degen feyilde jasaladı.

Altınnan soqqan bilezik,

**Bilegine** saladı,(424)

Qaraqalpaq-bilek, mongol-bileceg (braslet), tungus-bilen (zapyaste). mongol tilinde bileceg-bilezik mánisinde qollanıladı.

**Awızları** jıraday,

Ayaqları maladay,(436)

Qaraqalpaq-awız, mongol-am-an, buryat-ama(n), tungus-manchjur-ang-a, yapon-ang-uri. Mongol tilindegi «am-an» sózi negizinde «am-la» feyili jasalıp, «sóz beriw» degen mánini ańlatadı. Bul sóz qaraqalpaq tilindegi «imla», yaǵnıy sóz mánisin háreket penen bildiriw degen mánini ańlatadı.

**Tuwısqanlıq qarım-qatnastı bildiretuǵın sózler:**

V.Cincius hám L.A.Pokrovskayalar altay tillerindegi tuwısqanlıq terminlerin izertlegen hám olardıń az ushırastuǵının aytıp ótedi.

«Qoblan» dástanınıń sózlik quramında altay tillerine ortaq bolǵan tuwısqanlıq qarım-qatnastı ańlatatuǵın terminler de az sanda ushırasadı.

Qılıshıń bosa tańlaygór,

**Aǵań** paqır kelipti,(484)

Qaraqalpaqsha-aǵa, ajaǵa, mongol-axa, qalmaq-ax, buryat-axa, tungus-manchjur-axay(n).

**Ata-anańızdı** ırza qılmasań,

Lábbay dep aldına tikke turmasań,(458)

Qaraqalpaqsha-ata, qalmaq-avvx, buryat-exebaaba, tungus-manchjur-ete.

Qaraqalpaqsha-ana, mongol-eke, qalmaq-ek, tungus-manchjur-eme.

Quwıp saldı ústinen,
**Kelinler** ǵırlap qaytadı,(458)

Qaraqalpaqsha-kelin, mongol-eme, qalmaq-kelsin, tungus-manchjur-esake (snoxa).

Bunnan basqa dástan tilinde tuwısqanlıq qarım-qatnastı bildiretuǵın qarındas, ul, ene, jeńge, kúyew sıyaqlı sózler birqansha jerde ushırasadı.

**Haywanat dúnyasına baylanıslı sózler:** Dástannıń sózlik quramında jılan, ǵashır, eshek, jılqı, túye, jolbarıs, úyrek, qoyan, qoy, eshki, qaramal, qus, tazı, qasqır sıyaqlı sózler ushırasadı.

**Jılan** etken daǵında,(401)
**Ǵashırı** menen **eshegi**,
**Jılqısı** menen **túyesi**,(401)
Ayǵa shapshıp turǵan **jolbarıs** bar bolsa,
Sonıń ókpe-júregin jegim keledi.(402)
**Úyrek** awlap kólattan,
**Qoyan** awlap shólattan, (406)
Sol kúni minip atına,
**Qus** salıp júredi márt Qoblan,
Sarı tulpar astında,
Qońırawlı **tazı** izinde,(409)
**Qaramalı**, túyesi,
Eshegi menen ǵashırı,
**Qoyı** menen **eshkisi**,(422)
- Ash **qasqır** urınsa jayına shabar,
Suwǵa ketip ólip peylinen tabar,(429)
Xan saraydıń ishinde,
**Kepterdey** hawaz beredi,(515)
Juwap degen aytıspa,
**Ilaq** oynap tartıspa,(524)

**Ǵashır.** Ayǵır eshektiń túyege shaǵılısıwınan dóregen tól, qospaq, qospaqı.

**Eshek.** Eti, súti, iship-jewge bolmaytuǵın, attan boyı pás, uzın qulaqlı haywan, tuyaqlı kólik mal.

**Jılqı**. Kólik ushın paydalanılatuǵın dóńgelek tuyaqlı tórt túlik maldıń bir túri.

**Jolbarıs**. Jırtqısh haywan, dáryalarǵa jaqin jerdegi qamıslarda jasaydı. Jolbaristin balası kúshik dep ataladı. Jolbarıstıń atın aytıwǵa adamlar seskenip onı marpatlap sher dep ataydı.

**Tazı**. Ań alatuǵın júni tıqır júyrik iyt.

**Eshki**. Úlkenligi qoyday, kiyikke usaǵan shaqlı, múyizli usaq, mayda mallardıń bir túri, usaq janlıq.

**Ilaq.** Tuwılǵannan altı ayǵa shekemgi eshkiniń balası. «Devonu-luǵat-it-túrk»te oǵlaq-eshkiniń balası.

**Siyasıy-jámiyetlik sózler:** Dástannıń tilinde siyasıy-jámiyetlik sózler júdá kóplep ushırasadı. Bunday sózler sol dáwirdegi mámleketti basqarıw islerine, siyasıy turmısqa, adamlardıń sociallıq jaǵdayına baylanıslı sózler esaplanadı.

**Patsha sózi.** Dástannıń tilinde ónimli qollanılǵan sózlerdiń biri. Bul sózdiń kelip shıǵıwına dıqqat awdarsaq, shıǵısı parsısha sóz bolıp esaplanadı.

Q.Paxratdinov hám A.Ótemisovlar avtorlıǵında shıqqan «Қарақалпақ тилиндеги шығысы парсышы сөзлер» patsha sózin «padshah» - ullı húkimdar, el basqarıwshı, xan, sultan, basshı, húkimdar», - dep keltirip ótken. Dástannıń tilinde debunday mánide qollanılǵan sózler kóplegen jerde ushırasadı. Mısalı:

Aqshaxanday **patshańız**,
Jáne jollar júredi,(408)
**Xannan** kelgen qálpeler,
Tabalmay xannıń sarayın,(408)

Bul keltirilgen mısallarda xan sózi de patsha sózi menen birdey máni bildiredi.

Bunnan basqa da dástan tilinde hámeldar, móhirdar, qálpe, taqsır, qazı, nayıp, qusbegi, meter, wázir, aǵzam, jállat sıyaqlı sózlerde ushırasadı.

Alpıs eki **hámeldar**,
Jetpis eki **móhirdar**,(408)
Xan jibergen **qálpeler**,
Ǵırlap qaytıp izine,(408)
**Taqsır** xanım, dat, - dedi,(409)
Elge hákim bolar **qazı** hám **nayıp**,(416)
Otırǵan **qusbegi**, **meter**,
Biri birinen beter,(526)
**Wázir** aǵzam, **jállatlar**,
Ájeliniń jetkenin,
Sol waqları biledi,(526)

**Hámeldar**. Hámeli bar adam, eldi hám jurttı basqaratuǵın huquqı bar kisi, xızmetker.

**Móhirdar.** Gónergen sózler qatarında bolıp, burıngı waqıtları patshanıń mórin saqlaytuǵın adamnıń hámeliniń atı, xatshı.

**Qálpe**. Qustı seyislep ańǵa úyretetuǵın adam.

**Taqsır**. Jasullılardı húrmet, izzet etkende aytılatuǵın sóz.

**Qazı**. Din boyınsha biylik etetuǵın adam, din boyınsha húkim shıǵarıwshı, tóreshi.

**Nayıp.** Xiywa xanlıǵınıń zamanındaǵı awıl aqsaqalına beriletuǵın ataq.

**Qusbegi**. Xan zamanındaǵı xannıń xızmetin isleytuǵın hámeldardıń laqabı.

**Meter**. Xan hámeldarlarınıń ataǵı.

**Wázir**. 1. Ayırım islam mámleketlerindegi xannıń yáki patshanıń eń jaqın aqılgóyi, járdemshisi.

2. Ayırım shıǵıs mámleketlerindegi ministr.

**Jállat**. Ólim jazası haqqında berilgen húkimdi orınlaytuǵın adam.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1.Е.Бердимуратов. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Лексикология. Билим. 1994.
2.Abdinazimov.Sh, Pirniyazova.A, Shınnazarova.S. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili fonetika, leksikologiya. Tashkent. 2018.
3.Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис. Билим. 1994.
4.Бекбергенов А Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. Нөкис. Қарақалпақстан 1990.
5.М.Қәлендеров.Қарақалпақ тилиндеги синонимлердиң грамматикалық-структуралық ҳәм лексика семантикалық өзгешелиги. Қарақалпақстан. Билим. 1989.

6.Қаракалпақ фольклоры көп томлық. 13-том “Қоблан” дәстаны Ташкент. “Маънавият” 2009.